«Къурбанилав, Къурбанил МухIамад Къарахияв магIарулазда лъалаан гIалимчи хIисабалда гуревги, Сугъралъ ва Къарахъ хиси гьечIого шаригIаталъул низам ккурав наиб хIисабалда», - («БацIадисел», 39 гь). Гьев вукIана кIудиял рагъазда гIахьалчилъичIониги, имам Шамил божараб кумекги. Къурбанилав рази вукIинчIо Шамилица ахирисеб хъалалъун Гъуниб тIаса бищиялда. Къурбнилас, гьев асирлъун ккеялда хIинкъун.рагъ ГIириб гьабуни лъикIилан абулеб букIана –

В.Поттол баяналда рекъон ахирги, Гъуниб 12азарго солдатас сверун ккун букIаго, имам Шамилица КIагьадерил тIалъиялде Барятинскиясухъе ритIана, тарихчи «БацIадаса Къурбанилавги, ХуцIиялдаса МухIамадги, Жунгуталдаса МухIамадги (Р.КъурбангIали «БацIадисел», 45гь). Пачаясул генералсулгун бук1араб гара-чIвариялда ахирги Къурбанилас Шамил цIунизе мурадалда абуна: «Нижер Шамил кверде унаро! – ян. Фельдмаршал Барятинскияс солдатазда цебеккунго лъазабун букIана – Шамил чIварав чи жинца жиндирго кверал чIвазе вугилан…

КIудияб ВатIанияб рагъ – щибаб рокъобе балагь.

Нилъер умумуз абулаан: «Рагъалъ вас гьавуларин», - абун. ХIисаб гьабеха – ахирисеб 500соналда жаниб дунялалда тIад ккун буго 15азарго рагъ ва гьенив чIван вуго 4миллиард гIанасев чи гьеб ккола гьанже дунялалда гIумру гьабун ругезул лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа.

Гьел рагъазда гьоркьоб бищунго гIасияб, бищун гIемер би гIодобе тIураб рагъ ккана араб гIасруялъул, жиб 1939-1945 соназ халат бахъараб, 2 абилеб дунялалъул рагъ, хасго СССРалда ва фашистазул Германиялд гьоркьоб бук1араб рагъ. Советияб халкъалде тIаде кидаго ккечIеб гIадаб балагь бачIараб механда бецIдерицаги рагъул фронталда унго-унгояб гIахьаллъи гьабуна, бихьизабуна бахIарчилъи, - «Кинабго фронталъе – кинабго бергьенлъиялъе: - абураб ахIиялда гъоркь гьанже божизе захIматаб захIмат баччана тылалда . 135 гIолохъанчи ана БацIадаса ВатIан цIунизе, рагъул авлахазда хутIана 68 бах1арчи, Т1ад кIалъай гьечIого гьезул хвалил даража, гъазаваталда хваразда бащалъула. Киналго гьел алжан кьун арал ратаги!

Жидее рагъулъ талихI ккун, тIадегIанаб даражаялъул хIукуматалъул орденал, медалал, Верховный главнокомандующиясул баркалаби щун росулъе тIад вуссана 67 бахIарчи. Росулъ гьел кIвахI тун хIалтIана, , чIунтараб магIишат цебетIезабиялъе, росдал гIадамазул рукIарахъин, буголъи лъикIлъизабиялъе гIоло.

Орденазул, медалазул керен цIун рачIана, жидер хIал алжаналда батаял, хасго: ГIарацгIалиев МухIумад, ХIасанов МухIамад, Демешев ГIабдуллагь, МухIамадов ХIамзат, Къурбанов ГIали Шинти, Къурбанов МухIамад Шаду, Хачалов Ибрагьим.

КIудияб Ват1анияб рагъ бецIдериеги ккана – щибаб рукъалъе балагьлъун, щивасул яхI-намусалъе захIматаб хIалбихьилъун. Гьеб киналъего мустахIикъаб къимат кьола росдал рагIалда росуцояз лъураб ВатIанияб рагъулъ хварал бахIарзал ракIалде щвеялъе памятникалъ – «Коленопреклоненный солдат со знаменем в руках» - гьенир кидаго тIагIунаро чIагоял тIугьдул.

РухIарал ясазе памятник

БацIадаса ригь арав чиясда гьикъани: «Бищунго цIикIкIараб къварилъи жамагIаталде тIаде кида бачIараб? – абун, гьес жаваб кьела: «Гьай-гьай ВатIанияб рагъда бахIарчилъиялда жиндица рухI кьурал 68 росуцояв ками буго»,ян - абун. Гьелдаго тIаде жубазе бегьула: «1958 аб.соналъул 29аб. марталда ккараб балагьги. Пачалихъалъул рохь цIаялдаса цIунулаго цIадулъ рухIун хвана гIолохъанал ясал: ГIалиева ПатIимат, ГIенкъова Аминат, Ибрагьимова ГIашура, Муртилова ПатIина, Тухзаева Хадит. Кидаго ракIалдаса унареб балагьалъул тарихияб къолъун ккана бецIдерие гьеб къо. Росдалги районалъулги жамагIатаз кIудияб пашманлъиги загьир гьабун, къадрогун рукъана ясал. Поэт ГIумаржан ХIажигIалиевас хъвана«Гьел рукIана щугоял» абураб, ракIалдаса унареб поэма. Росуцояз гьеб лъугьабахъи ккараб ГецIеб абулеб бакIалда лъуна памятник, гьанже гIагарда памятник цIидасан бана. Гьенир лъалхъула ва батIрул къулун, дугIа-алхIам цIалула нухлулаз. Бицадулъ чIаго хутIарал руччабазе бараб памятникалда чIахIа хартIалъ хъван бугоан: «РукIана дол щуоял, щугIаркьелаб цIва гIадин» (ГIумаржан), тIадеги жубан бугоан: « Пусть ваша песнь недопетая в этой роще звучит, а любовь и скорбь извечная в сердца аульчан стучит» (Мусаев).

БецIдерил жакъасебги букIинесебги.

БацIадисел жакъа капитализмаялъул нигIматал «кваналел» руго. Перестройкаялъ киналдаго кьаби щвезабуна – захIмат бокьиялдаги, яхI-намусалдаги, ритIухълъиялдаги, ращалъиялдаги. Демократиялъ меседил гъунал щивасда цере лъуна, амма нилъер машгьурав поэт МахIмудица абухъего «меседил лъималъул тIад хъалги гьабун, пахьул букIун буго бицараб рагIи». Советазул тIалъиялъ тарбия кьураб гIелалъе – бецIдерие бокьулароан даранчилъи (доб механда спекуляция), бокьулаан гIи-боцIул, хур-хералъул захIматал хIалтIаби – гваял ран, лал тIами цадахъ хIалтIун, бачIин бакIари, хурибе рак баччи, рохьоса ц1ул хIадур гьаби, цадахъ тIаделъун, рукъзал рай, хасало «цIадахъбакIазда» цо кинаб бугониги ишги гьабулаго, гара-чIвариялда рук1ине. Гьанжейин абуни, щибав жиндирго ишалда, жиде-жидер рокьоре руссун руго. КъанагIат гурони гIагарлъи тIаде – гIодоре щоларо, ракI гъеялъе телевизор бугоха. Гьеб кинабго, чIагояб кIалъа-басай гьечIого, захIмат букIуна ригь арал гIадамазе…

Инсан киналдего ругьунлъула, батIиял ресал гьечIони: ругьунлъана ракъи-зулму хIехьезеги, къо ккаралъуб бицун хIалкIоларе захIмат баччизеги, бахIарчилъиялда ВатIан цIунизеги, жиндирабго рехун тун, гIаммаб магIишаталъе къеркьезеги. БецIдерил гIолохъаби шагьаразда хIалтIун, рачIуна эбел-инсухъе, хъизам-лъималазухъе. Эбел-инсул тIалаб гьаби, гьездехун рокьи жеги чучлъун гьечIо, гьеб цIунизе т1адаб буго унго-унгоял магIаруладаги. Абизе ккола бецIдерил умумул махщел – устарлъиялъул гIадамал рукIанилан. Павленкол «Кавказалъул къиса» асаралда бацIадисев к1иго нухалда вихьизавулев вуго. Цин гьев вихьизавулев вуго Шамил имамасулгун рагъул заманалда жиндирго цIулал къайигун даран базаралде къватIиве вахъун даран ккеялдаса разиго (рагъул тIоцебесеб заманаялъ), кIиабизеги вихьизавулев вуго гьевго бац1адисев – даран кколарого, зигардилев хъизан хьихьизе бугеб захIматалъулеб бугеб куцалъулги бицун (рагъ ахиралде щведал, рекъел гьабун, магIишаталде русине мех щвей баян гьабулев).

Нахъеги жиндирго сурукъал тIалабалгун тIад буссун бачIана капитализм (экономикалъул кризис, бечедал бечелъи, мискинал мискинлъи, гIадамал рикь-рикьизари, хIалтIи гьечIолъи) гьелдалъун гIадамаз рекъон, вацлъиялда гIумру гьаби – шакаб иш буго. Инсанасе лъикIаб щиналда цадахъ бокьула бечелъи, гIумруялдаса кеп боси, , гIурхи-рахъ гьечIого, захIмат бихьичIого кинабго бокьи– гьеб кинабго буго инсаният хъантIизабун хвезабиялъул капитализмаялъул унтаби. Гьеб цохIо тарбия кьеялъ лъикIлъизабизе рес гьечIо. Щибха гьабилеб? ГIурусазул кидагосеб суал: «щив г1айибияв?», «щиб гьабилеб?» Нахъеги революцияйишха? Нахъеги биял гIодоре тIейишха? ЧIезе ругиш, мискинго рукIаниги, ритIухълъи, ращалъиги цо нухалъ бихьарал гIадамал? Гьебги шакаб иш буго. Жиндир заманалда В.И.Ленинца абуна: «Цо нухалда эркенлъи бихьараб халкъ бухьун лагъдалъиялда чIезабизе кIвей – захIматаб иш буго». Дагъистаналда абизе бегьула М.Ярагъскияс пикру: «Ракьалда Аллагьас рижарал гIадамал киналго ращадал ккола». Гьеб пикруялда мугъ чIвай гьабун гуриш имам Шамилицаги эркенлъиялъе гIоло рагъал гьарурал? ТIаде жоялъе, дагъистаниязул хассаб чорхолъ бугеб чIухIиги хIисабалде босе,гьез х1ехьоларо мекъал,тIасан карал ишал. Щибаб лъар гIоргун жубала, гIорги кьотIе бакIарула, гьенисанги ралъдалъе щвечIого чIоларо гьеб. Гьединго ритIухълъигиха. РитIухълъи хвезабула тIоцебе хIакимас, гьелъие рес батула – доб чугIа бетIералдаса байбихьун махIцулеб гIадин. ХIакимлъи тIалаб гьабулесул (киназулго гьечIониги) – гIемерисезул лъабго пикру бук1уна: жиндирго буголъи лъикIлъизаби, тIадлъи бокьи, ахирги жидеца рищулезул тIалабал тIарази.

БецIдерил тIаде гIолеб гIелалъе щиб лъикIаблъун рикIкIинебин абуни – жидер гьунар бугез кIудияб бизнесалде рахьине, яхI бахъун, хIалтIизе – мискиназеги росдаеги кумек гьаби мурадалда, кирехун ругониги цIалигIумроялда тIадчIей гьабизе, умумузулго батараб устарлъи борхинаби, спорт ва цогидал гьунарал гIезари, гьединго умумуз ирсалъе тараб, гIемерал рагъал – кьалалги гьарун, цIунараб ракь хIалтIизаби хур-хералъе, ахазе, гIи-боцIи хьихьизе – кинабго къуват кьезе.

БецIдерил сверухъ ругел росабазул жамагIатазул кIудияб мурад буго 70абилел соназдаго гьабураб проекталда рекъон БацIада администрациялъул Седа абураб бакIалда ЧIегIер гIоралда ГЭС бай. Гьелъ рес кьола «БецIгIоралда» рехун тарал кулал-ракьал хIалтIизаризе, жамагIат жидерго магIишатал церетIезаризе рес щвелилан хьулазда руго. БецIдерил мурад – киналго магIарулазе, дагъистаниязе дунял битIаги сундулъго, квешаб лъутаги, лъикIаб г1емерлъаги, магIишат тIегьайги, хабарал лъикIал рагIайги. Васалам-вакалам!

ГIабдулзагьир МУСАЕВ
БацIада росу.

ЦIоралъул магIарулазул магIишатияб лирика

Магlарул фольклориял асараз гьел рагlаралщинал хlайран гьаруна. Хlикматаб коч1ол хазинаян абун гьезие хасаб къимат кьуна машгьурал хъвадарухъабаз. Хасго дие асар гьабуна цо магlарул сариналъ. Гьелъулъ рагlаби дагьал рукlана, амма кинабго гьелъул берцинлъи букlана пашманго такрар гьабулеб: Ай! Дай! Далалаялъулъ" (Л.Толстой)

"Магlарулазул кучlдул жибго Пушкиница гьазда гьоркь гьулбасилаан" (Белинский)

Магlарул фольклоральул цо тlеллъун букlараб Цlоралъул фольклориял асаразда гьоркьоб хасаб бакl ккола магlишатиял кучlдуз. Гьел кучlдузулъ цlакъ гьайбатал рагlудалъун рахъарал, гьеб пикру ритlухъ гьабулел суратал ратула нилъеда. Сордо бачlун, моцl баккун, цlваби кунчlун, бакъ шун хисардилеб бугеб дунялалъул хlакъикъат бихьула нилъеда гьел асаразулъ. Цlоралъул магlарулаз жидерго фольклориял асаразулъ цlакъ камилаб сурат бахъун цебе чlезабулеб буго.

Умумуз Аллагьасдаса цlад, бакъ гьарулеб мехалъ ахlулаан батlи - батlиял кучlдул.

Дагъистаналъул магlарулазуго гlадин цlоралъул магlаруазулги букlана жидерго "Цlадал хlамаги", цlад гьарулелъул рикlкlунел, ахlулел кучlдулги.

Гlисин бади, шурун бади,
Шуго къоялъ чвахун бади.
Амин, я аллагь.

Цlад гьарулеб къоялъ гlадамаз рокъоб гьабулаан бурджахlал абураб квен. (Гьеб гьабулаан буцараб гlатlал къотlун гьитlинал тlеренал кескал лъелъ ялъунун рахьдалъ гун релъун)

Цlад гуреб бакъги гьарулаан умумуз. Бакъ гьарулелъул гьадин ахlулаан ахlана:

Горде - горди, гордина,
Горди салам вардина
Жакъа мужой бакъ швайги
Метер нижей нахl - магаш
Нахl кьурасе вас вейги,
Магаш кьурасе яс ейги.

Бакъ гьарулеб мехалда гьабулебги хасаб квен букlунаан. Гьеб къоялъ гьабулаан махара абураб квен (махара – рахьги гlатlги жубан гьабула). Цlияб моцl бакки умумуз байрам гlадин къабул гьабулаан. Гьеб баккидал гьадин ахlулаан

Цlияб моцl, цlияб моцl
Вихьхьине цlонеб
Зоде канлънеб
Дур нуралъе
Нухl битlаги.

Цlоралъул фольклоралъулъ нилъеда ратула лъимадуе эбелалъ ахlулел рукlарал кучlдулги. Гьедин эбелалъ ясги еэдун ахlулаан гьадинаб кечl:

Игъли цlотун чал ругези кьезина
Чувал цlотун ролъ бугесе кьезина
Чоли цlотун гlи бугези кьезина
Чlипи цlотун гlарац бугесе кьезина
Ункъго туман тункарасе кьезина
Тункун гlарац бехрасе кьезина.

Рокьул кучlдузулъ дандчlвала гьезие хасиятаб хасаб тематика ва сипатал гlуцlи, рихьизари, Рокьи ккараз жидерго рокьулезде гьарурал гурелги ясал гуккарал хlалихьатал васазул хlакъалъулъги, гьоркьоб мацl гьабун рокьулел ратlагьаруразтlе хъварал кучlдузги хасаб бакl ккола фольклоралъулъ.

Якьалаги йоа
Ячзилаги йоа
Кьороб мацl барасул
Мацl борхьид кlайги
Эбелалъ чудухъин
Чакар кьо хьихьарай
Чадал васас йэтlарай
Цlуяй, хlалихlат.

Гlемерисел рокьул кучlдузе кьун руго ясазул цlарал. Гьединал кучlдузул цояб ккола «Аминат» абураб кечl:

Бехе кlолеб гlор буго,
Гlарба цlотун хер буго,
Ячзи шарав дун вуго,
Кlинзи шарай мун йуго.

Щибаб коч1олъ яс ихьизаюлей йиго батlи-батlиял сипатаздалъун. Гьаб коч1олъ ралъдалъ бугеб ччугlида релъльинаюлей йиго гьей:

Бехе кlолаб хехаб гlор,
Хехго шайги ралъадухъ,
Ралъдахъ* бугеб ччугlида,
Дица салам бицун.

* (ралъад гьениб кlудияб гlоралда абула)

Чияр бакlлде ригьнаде аразул пашманлъи загьир гьабулеб буго цо-цо кучlдузулъ:

Чидал бакlазул рокьи,
Рукьбузда унти,
Рокьица йохlичlей дун,
Цlудуд йохlнуру.
Дидаса аманат,
Убалъул ясал,
Убаса къатlиб бекьехъ,
Рокьи гьабуге.

Магlишатияб лирикаялда гьоркьоб хасаб бакl ккола берталъ ахlулел кучlдуз.

Бахlарай ячине араб мехалда бахlарасул яцалъ гьелъул мугъзада чедги бакун ахlулаан гьадинаб кечl:

Квер нухlулай, бох кусулай,
Рикъий къурай, къатlи бергьарай,
Кlудав васи тlинай нусай.

Нусги ячун рачlунел гlадамазул гьаракь васасул рокъоб рагlарабго ахlулаан гьал рагlаби:

Дайалай йелъена,
Музум кьодухъ щала,
Гьедул хlапи - хlупи буго,
Чодул дампи - думпи буго.
(Къабахъчоли)

Цlоралъул магlарулазул кицаби ва абиял.

1. Гlодоб чlобораб лъим нахъе бакlаркlангуро.
2. Гье чlарас бехна.
3. Тупанкиса данкраб гулла нахъе бэнгуро.
4. Цlогьорасда хьана рацlал цlогьорал руго.
5. Гlанкl бехьрасул гуро, чlварасул буго.
6. Хlерай йехьалъиги яс лъикl, халаб бехьалъиги нух лъикl.
7. Багlар гlака багlарго хlана.
8. Нусго гьунараса цо бащарлъи цебе хьала.
9. Рикъиб хlелеко, къатlиб гlанкlу.
10. Лъим бакун букъалънуру.
11. Кlухlалаб бац бакълад хlала.
12. Цеве гlадалав, нахъа бецав.
13. Халаб бейги, нухl бейги.
14. Гьубузи лъарасе кас, кинзи лъарасе нахl.
15. Кlудияб гlадамасул хабар - рагl цlураб месед.
16. Цlа хехго бакаргlан рохъо гlемер бэна.
17. Магlарда чан, гlорда хьаг.
18. Хlабану иман гьэугун кlаравги, гlарац гьэугун базарну кlаравги цо вуго.
19. Гlанкl кьижалъе богорго бохъана.
20. Гlанкlал гъотlори, лъимал бокlнори.
21. Кьад вугосе лъим, гlодов вугесе цим.
22. Нусго рокъалъул бетlергьан - сабру буго.
23. Рикъиб бацl, къатlиб нацl.
24. Бикьара къо хьараб мехалъ къоркъоцаги юргъа бахъила.
25. Бетlерада къо хьиндал къоркъоса бацl бэна.
26. Гlодоб лъезе микги буго, кьад базе куртlаги буго.
27. Лъикlаб хабаралъ мегlер бигlана.
28. Мискинчи гьед кана, жандаг ницlид.

Бицанкlаби.

1. Махlла кьорой йиццай абай. (Тундур) (Чед бежулеб магlаб ракьудаса гlуцlараб жо)
2. Кодоб бокlраб мехалъ гlаннаб, гlодоб лъураб мехалъ балънаб. (Зинжир) (Рахас)
3. Гъотlоса вортараб мехалъ къачи гъотlол гlончlлода хотlана. (Михъ)
4. Кlиго бетlер, ункъго гlин, цlо кlал. (Жом) (Нах бахъулеб жо)
5. Гlодол къарщал, кьад машаял, кьад къали, кьад къабахи. (Гlадан)

Горде - горди, гордина,
Горди салам вардина
Жакъа мужой бакъ швайги
Метер нижей нахl - магаш
Нахl кьурасе вас вейги,
Магаш кьурасе яс ейги.
Пусть сегодня солнце светит для вас,
Завтра и нам - масло, магаш достанутся
Пусть у того, кто масло даёт сын родится
А у того, кто магаш даёт - дочь.
Гlисин бади, шурун бади,
Шуго къоялъ чвахун бади.
Бесдал лъимазе гlоло бади
Херал руччабазе гlоло бади
Къаси мехалъ чахун бади
Къади мехалъ танкъчlун бади.
Пусть пойдет проливной дождь,
Пусть будет идти пять дней,
Ради сирот пусть пойдет,
Ради старых пусть пойдет
Темной ночью пусть пойдет,
Светлым днем пусть пойдет.
Гlодоб чlобораб лъим нахъе бакlаркlангуро.
Цlогьорасда хьана рацlал цlогьорал руго.
Гlанкl бехьрасул гуро, чlварасул буго.
Рикъиб хlелеко, къатlиб гlанкlу.
Лъим бакун букъалънуру.
Кlухlалаб бац бакълад хlала.
Кlудияб гlадамасул хабар - рагl цlураб месед.
Цlа хехго бакаргlан рохъо гlемер бэна.
Хlабану иман гьэугун кlаравги,
гlарац гьэугун базарну кlаравги цо вуго.
Нусго рокъалъул бетlергьан - сабру буго.
Лъикlаб хабаралъ мегlер бигlана.

Асият ТИНАЕВА

К 300-летию со дня рождения и 220-летию со дня смерти Абубакархаджи Аймакинского

Абубакархаджи Аймакинский

(1711-1791)

Абубакархаджи из Аймаки, сын алима Муавия (Мугlават), сына Муавии, сына Абдулдибира Буцринского, Мекканского, Курейшитского,родился в 1771 г. в с. Аймаки (селение нынешнего Гергебильского района).Умер в 1791 г.

Учился в Аймаки, затем в Аракани у известного мударриса того времени Дибира Старшего из Караты.

В книге «Знаменитые мужи» («ар-Риджал ал-машхурун») имеются интересные биографические сведения об Абубакархаджи из Аймаки, в частности, сообщается о времени его смерти — 8 шавваля 1205/10 нюня 1791 г.

Творчество Абубакарахаджи глубоко и обстоятельно или же частично освещено в трудах И. Ю. Крачковского, В. В. Бартольда, А. Н. Генко, А. Каяева, Назира из Доргели, М.-С.Д. Саидова, С.М.Хайбуллаева, А. Р. Шихсаидова, М. Гайдарбекова, М. Абдулаева, Г. Г. Гамзатова, Т. М. Айтберова, А. Исаева. Имеется также специальное издание, где исследуется его творчество (см.: «М.А.Гизбуллаев. Абубакархаджи из Аймаки. Жизнь, творчество и научное наследие. Махачкала, 2005 г.»). При написании данной статьи мы ,в основном, опирались на фундаментальные труды профессора Хайбуллаева Сиражудина Магомедовича (но, учитывая популярный характер нашей статьи, здесь каждый раз ссылки на его труды не даем) и ряда др. исследователей.

Абубакархаджи из Аймаки - один из известных дагестанских правоведов, пропагандистов арабо-мусульманской культуры в Дагестане, поэт, основатель и преподаватель медресе, дед Сайда из Аракани (1764 - 1834). Абубакархаджи автор таких трудов, как «Васаил ал-лабиб» (Биография Мухаммада»), «И'лам ат-тилмиз би-ахкам ан-набиз» (Трактат по фнкху, написан в 1191/1777 или в 1194/1780 гг.),«аз-Заджир мувалад ал-кафир» и др. Но в данной статье мы постараемся осветить творчество ученого-просветителя как поэта-автора непревзойдённых проповедей -турки.

Как известно,турки - это религиозные стихи вообще, а не конкретный жанр духовной литературы, это собирательное название поэтических произведений именно письменной литературы, созданной в своем большинстве учеными-алимами и другими представителями мусульманского духовенства для удовлетворения религиозных, эстетических и художественных потребностей мусульманской общины. Произведения, входящие в это понятие, различны по своему содержанию, поэтическим особенностям и общественным функциям: это молитвы, проповеди, наставления, назидания, жития святых, панегирики или оды элегии, похоронные плачи, письма-послания.

Среди авторов проповедей отчетливо выделяются мыслители, которые являются олицетворением разных течений в истории зарождения, формирования, развития аварской национальной художественной культуры. Это высокообразованные ученые-алимы, овладевшие духовным наследием арабо-мусульманской культуры и развившие ее традиции в специфических местных условиях. Для них поэтическое слово было средством выражения своих научных, философских, социальных, религиозных и морально-этических взглядов. Их поэзия – это изложение и пропаганда норм, идеологии ислама. Они свободно владели арабским языком и творили, как на нем, так и на родном языках. Это такие ученые-алимы и поэты-мыслители,как:

Шабан-кади Ободинский 1608-1668.
Мухамед Кудутлинский 1651-1716.
Абубакархаджи Аймакинский 1711-1797.
Гасан Кудутлинский 1715-1795.
Дибиркади Хунзахский 1742-1817.
Нурмухаммед Хунзахский 1745-1834.
Саид Араканский 1763-1834.
Абдурахманхаджи Согратлинский 1792-1882.
Хаджимухамед Согратлинский 1825-1870.
Мухамедтахир Карахский 1812-1882.
Хаджи Хусейн Алакский 1843-1916.
Омархаджи-Зияудин Миатлинский 1846-1925.
Шуайиб-афанди Багинубский 1850-1925.
Хаджиявдибир Геничутлинский 1853-1923.
Исмаилдибир Щуланинский 1853-1923.
Сиражудин Ободинский 1869-1914.
Гасан Кахибский 1864-1937.
Магомедбег из Гергебеля 1830-1927.
Амирали из Телетля 1830-1927.
Анхил Марин из Ругуджа 1840-1917.
Муртазали из Телетля 1841-1917.
Али-Гаджи из Инхо 1845-1891.
Мухамед из Чиркея 1846-1946.
Эльдарилав из Ругуджа 1847-1884.
Этил Али из Телетля 1850-1931.
Чанка из Батлаич 1866-1909.
Мухамед из Тлоха 1868-1941.
Курбан из Инхело 1870-1935.
Махмуд из Кахаб – росо 1873-1919.
Чупалав из Игали 1877-1937.
Гамзат Цадаса 1877-1951.
Мухамедтахир Карахский 1912-1882.
Хаджи Мухамед Согратлинский 1825-1870
Мухамед Батлухский 1915-1984.
Саид-Апанди Чиркеевский 1938.и др.

Ими создано значительное количество произведений этого жанра. В письменных источниках они сосредоточены в изданных сборниках стихов суфийского толка.Особый интерес для нас имеет сборник «Хуласат ал-маваг1из». Он представляет собой антологию отобранных проповедей, лучших образцов этого жанра, принадлежащий перу Абубакарахаджи из Аймаки, Гасана из Кудали, Алигаджи из Инхо и других. В сборнике проповедей представлено одиннадцать текстов, принадлежащих перу большого ученого Абубакарахаджи из Аймаки, каждому из них предпослана небольшая аннотация, о чем идет речь в конкретном произведении, первая проповедь — о наставлении на хороших примерах, вторая проповедь — об отказе от непозволенного, третья проповедь — об упоминают о божьих дарах, четвертая проповедь — побуждение к исполнению обязательных предначертаний, пятая проповедь — предостережение от божьих наказаний, шестая проповедь — о воспитании души, седьмая проповедь — о необходимости покинуть Дагестан из-за господства невежества, безверия, упрямства, восьмая проповедь — о совершении хаджа, девятая проповедь — о защите от проделок шайтана, десятая проповедь — о полезности вспоминания Аллаха, одиннадцатая проповедь — о благах райской жизни. Все проповеди сосредоточены вокруг установок ислама и шариата, в них регламентирована вся жизнь праведного мусульманина от его рождения до дня страшного суда, который определит, где ему проводить загробную жизнь, в блаженном раю или же в клокочущем пламени ада.

(Продолжение в следующем номере)

Магомед АБАКАРОВ, с. Согратль

•ЦIиял цIарал, цIиял асарал

ТIалхIат Шапиевич Ахъбердиев,
Гъизилюрт шагьар

Дагъистаналъул тарих жинца гвангъизабурав

Дагьистаналъул тарих жинца гвангъизабурав
АнцIила ичIабилеб гIасруялъул багьадур
ТIоцевесев вахъарав - Дагъистаналъул имам
ГъазимухIамадица борхатго ккун букIараб
Исламалъул нур бугеб гьазаваталъул байрахъ
Бегизе жинца течIев таваккалав цевехъан
Имам ХIамзат хвараво халкъ жинда хадуб цIарав
ВатIан цIунун къеркьезе къуват данде гьабурав
Къоло щуябго соналъ лъалиниб хвалчен лъечIев
Ругъназ черх басаниги боялгун цеве арав!
Тушманас сверун ккураб борхатаб сиялдасан
Аллагьасул цIар рехсон аварагги рекIелъ ккун
Тушбабазул гурулъе тIаде кIанцIун хвалчаца
Цебехун нух бахъарав бахIарчияв рагъухъан!
Каранда жаниб къараб хечги жинцаго бахъун
Хъубал гъарачагIазда гьунар бихьизабурав!
ЗахIматалъ къвал баниги къвекIаб цIум гIадин чIарав
Къуватав тушманасе бет1ер жинца къуличIев
ТIолабго гIаламалъе мисаллъун жив хутIарав
Хвел гьечIеб цIар нахъе тун халкъалъе машгьурлъарав
Имам Шамил вукIана мугIрузда жаниб бугеб
Дагьистан-Чачаналъул пачалихъалъул бетIер!
ТIолго дунялалъулго улкабазул къиралаз
Къадру къимат гьабурав гьайбатав гIуцIарухъан!
МугIрузулаб халкъалъе эркенлъиялъе гIоло
Жиндирго гIумру кьурав кьварарав полководец!
Шамилил бахIарчияб халатбахъараб къеркьей
Санал гIемер аниги кIоченаро халкъалда!

Наиб ХIажимурад

Дур цIар бахъарабго хъамалчаг1азул
Черхалда х1инкъиялъ сири балаан.
Аскаргун цадахъ мун г1агарлъулаго
Тушбабазул бояз мугь рехулаан.
Х1инкъи-къай лъаларев хунздерил-«гъалбац!».
Хирияв вук1ана мун г1аламалъе.
Г1ужда алхунареб доб дур тунк1ица
Чан ч1ух1ухъанасул керен борлъараб!
Алмасг1ан рек1араб доб дур хвалчаца
Чан мунапикъги ч1ван къисас босараб!
Боржунеб ц1ум г1адаб чодаги рек1ун
чан мег1ер бегараб рит1ухълъи ц1унун
Пири г1адин хехго т1адеги к1анц1ун
Т1ури щварав тушман нахъе хъамарарав!
Тушбаби рачахъун щулалъабазда
Исламалъул байрахъ паркъезабурав!
Бах1арчилъи т1ок1ал мюридзабигун
Мут1рул сухъмалъан цевехун арав.
Чвахун балеб ц1ц1адукь пулеб
г1азулъан Чанго сардаз-къояз къокъине ккарав.
Ракъи къечги х1ехьон х1ал дагьлъаниги
Х1алхьи тушбабазе кьеч1ев багьадур!
Дур к1очон толарел гьунараздаса
Дагьабги ч1ух1ана мун г1ураб росу.
Дуца нахъе тараб тарихияб цIар
Ц1ва г1адин гвангъана Дагъистаналъе!

Имам Шамилил наиб (мудир) Ахъбердилав Чачаналда.

«Цо-цо мехалъ имамас досдасан абулаан «х!инкъи лъаларев гьалбац! Хунзахъа чачанавян» (Расул Х1амзатов).
(1840 соналъул 11 июлалда Валерик г1оралда аск1об ккараб рагъ)

Ах1улгох1да рагъ лъуг1ун
Лъаг1ел т1убан бук1инч!о
Чачаналъул ракьалда
Валерик г1орда аск1об
Мюридазул къокъабаз
Пачаясул аскарал
Бидулаб рагьги гьабун
Нахъе хъамараб мехалъ.
Цо чамго аза-азар
Чиясдасан г1уц1араб
Пачаясул аскаргун
Данде къеркьей гьабизе
Гьениве т1аде щола
Хунзахъа Ахъбердилав
Азарго чиясдасан
Г1уц1араб боги бачун.
Ахъбердилав вук1ана
Шамилил кваранаб квер
Живгоги бах1арчияв
Чармил г1адаб рак1 бугев
Имамасе рит1ухъав
Гьесул божилъи бугев
Бах1арчиял гьунараз
Ах1улгох1да ц1ар арав.
Хвалченги хьваг1езабун
Борхараб гьаркьидалъун
Мюридаздехун вуссун
Ахъбердилас ах1ана:
Пачаясул аскарал
Г1емерал ругин абун
Жакъа нилъ пашманлъунин
Ккезе жо щибго гьеч1о,
Т1ад вугев Аллагьасда
Кинабго жо бихьула
Гьесде мугъч1вайги гьабун
Рахъе къват1ир хвалчаби
Гъазаваталъул байрахъ
Борхизабе эхеде.
Церехун1 Дида хадур,
Ват1ан ц!унун къеркьезе1...
Ахъбердиласул буйрухъ
Къабул гьабун мюридаз
Кинацаго цо к!алалъ
Данде жаваб гьабуна:
«Ниж киналго х1адурал
Рижараб ракь ц!унизе
Исламалъул байрахъгун
Хвезеги цере инзе!...
...Г1оралда аск1об рохьоб
Жаниб унеб бук1араб
Сог1аб рагъ халалъана
К1иго саг1атг1ан мехалъ
Хунжруццаги къот1-къот1ун
Хучдуз черхалги рорлъун
Г1емер чи г1одов лъуна
К1иябго рахъалдасан
Г1алхул жанаваралцин
Гьадингоял жал ккола
Гьал рагьулел рук1ана
Горх1ел-ц1обги жибготун
Гьеб вах1шияб рагьалъул
Къурбаназ занк1ун ц1уна
Рохьил т1олго жаниблъи,
Г1урул раг1аллъабиги.
Лъик1 бихьулеб бук1ана
Т1асан жиб х1абургьараб
Биялъ баг1ар гьабураб
Хинлъун бугеб карачел...
Ахъбердил Мух1аммадил
Таваккаллъиги ц1ик1ун
Гьеб рагъулъ бергьенлъиги
Мюридзабаз босана.
Гъурарал солдатазул
жаназаби гьоркьго тун
Пачаясул аскарал
Рохьосан нахъе къана.
Гьаниб Ахъбердиласул
Г1амал-хасияталъул
Г1емераб жо т1атунеб
Цо лъугьа-бахьин ккола:
Гьанже гьес г1урусазул
Лагералде рит1ула
Жиделъ бажари бугел
Лъик1ав к1иго рагъухъан
Гьенисан кашиш викъун
Вачине мурадалда.
Рагьда ч1варал солдатал
рукъизе тадбиралъе
Наибасуд буюрухъ
Хехго т1убазабула
К1алдиб ч1ортоги буг!ун
Вач1уна вухьун кашиш.
Х1инкъиялъ вихха-хочун
Гьак1к1ан хут1арав кашиш
Ахъбердилас квенги кьун
Г1одов виччазавула
хадуб гьесда гьарула
ЧIварал гьал рагъухъаби
Т1ад христианазул г1адатги
Х1алт1изабун
Х1урматалда рукъеян
Гьеб иш т!убазабидал
Наибас кашишасул
Хъатиниб бегьун уна
Къиматаб г1арцул гьурущ.
Баркалла загьир гьабун
Сордо т1аде щварабго
Кашиш жедеразухъе
Балъго швезе гьавула.
Гьеб иш лъуг1ун хадуса
Хабар т1ибит1ун уна
Г1урус офицерзаби
тамашалъун хут1ула.
Доб мехалъ чачаналда
Къадру-къимат бук1ана
Имамасе хирияв
Халкъалъ х!урмат гьабулеб
Кьалда жив машгьурлъарав
Мюридазул цевехъан
Къей лъаларев багьадур
Наиб Ахъбердиласул.

Имам Шамилиде

Тарихияб, хвел гьечIеб
ЦIар жинца нахъе тарав
Дагъистаналъул имам
Исламалъул цевехъан.
Къоло щуябго соналъ
Лъалиниб хвалчен лъечIев
Гъазаваталъул байрахь
Кавказалъул багьадур!
БитIаралда кьвал барав
ТIекъалда мал барав
Мискинасул, квер ккурав
Капурасде зар ккурав!
Г1аламалъе хирияв,
Ханзабазда рихарав.;
Бечедазе заз гIадав,
ЗагIипазе нах гIадав
Нух хвалчаца бахьарав,
Хечалъ кверде восичIев,
Керен гуллие кьурав
Кьварарав рагъул бетIер!
Жиндирго ВатIан цIунун
Халкьалъе машгьурлъарав,
РикIкIен гьсчIел рагъазда
Ругънаца черх басарав.
Ах1улгох1да букIараб
Ращалъи гьеч1еб рагьда
ЦIоб гьечIев тущманасе
Наку чIвачIев мугIрул цIум!
Чанго нухалъ вахIшиял
ГурхIел гьечIел рагьазда,
Аллагьас кумек рехун
Хвалдаса жив ворчIарав!
ТIадег1анав бетIергьан
РекIелъа виччачIого,
Гьабун таваккаллъигун
Тушбабазда цIа лъурав!
Ахир х1ал дагьлъарабго
Асирльиялде ккедал,
Пачаяс хIурмат гьабун
ХIур жинда хъвазе течIев!
Зияраталъ халкъ унеб
Хоб Маккаялда бугев
Алдагьасе гIагарав
Маг1арулазул канлъи

Унтун бугеб общество

Унтун бугеб общество
ЧIаголъизе гьабизе
Жакъа буго къваригIун
КъвакIараб гIадлу-низам.
Гьанже хIажалъун вуго
Хирияв имам-Шамил
ИяхI-намус гьечIезда
ХIакъаб рагIи абизе.
Жидеда гIайиб гьечIел
ГIадамал чIвалел ругел
Такъсирчагли квегьизе
Кив вугев ХIажимурад?
ЦIогьодун гIумру арал,
Ришватаз гIорцIуларел,
ГIамал хъубал хъамизе
Вахъа вац-Ахъбердилав!
Мискиназул биги цIцIун
Чехь понцIорал борхьазда
ВачIа михир биччаэе
Хириясул ГIалибег
Халкъалъул ургъел гьечIел
ХIакимзаби чухIизе
Гъорлъе жувазеанищ
Инквачиласул Дибир.
Гьанже ругел, нич гьечIел,
ТIадагьаб хьвадиялъул
«Мама-Розал» ясазда
Йихьизе лъикIан жакъа
АхулгохI цIунулаго
ЦIар жинца нахъа тарай
Ругънал щун шагьидлъараи
ГIашилтIаса Ханзадай.
Халкъ махсароде колел
«Бакънал» ургъулел ругел
Агьлугун къацандизе
КъваригIун буго «зурма»
Законал цIунуларел,
ХIиллабазда руцарал
«Цурдузул» къукъабазе
Къор гьезе заман щвана

•ЛъикIал гIадамал

УНГО-УНГОЯВ МУГIАЛИМ

«Тарих – гьеб буго аралъул нугI, хIакъикъаталъул канлъи, ракIалдещвеязул гIумру, бачIунеселъул мугIалим ва умумуздасан кагъат», - ан хъван буго дунялалдаго цIар рагIарав Цицероница. Тарих гьунар бергьарал гIадамазул гIумруялъул ва гьезул ишазул хъвайхъвагIай бугониги, бачIунеселъе гьелъ кьола ритIарал дарсалги, гьечIого гIоларел малъа-хъваялги, рихьизарула гIумрудулъ бигьаял нухалги. Гьединлъидал, тарихалъулъ кIвар цIикIкIараб лъалкI нахъетейго гIадин, хIакъикъияб тарих бакIариги гьунар ккола…

Гьоркьохъел классазда дун цIалулаго, гьел кколаан 1990 лел сонал, дуняладаго бищун къуватаб пачалихъ СССР-ги биххун, гьелда гьорлъе унел бутIабаз жидейго ратIалъиги тIалаб гьабун, ратIалъун чIаразда гьоркьоб багъабашариги цIикIкIун, гьабан абизе цIар лъалареб бакIалде ккана Россиялъул иш. Кинаб хиса-баси кканиги гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьей гьоркьоб къотIизе бегьуларелъул, цебегосеб методикаялда рекъон унел рукIана нижер – цIалдохъабазул дарсалги. Амма дида гьанже бичIчIулеб буго, мугIалимзабазул бищунго захIмат тарихчагIазе букIун бугеблъи, щай гурелъул жидедагоги малъараб, хъварал тIахьалги батIиял гьечIеб гучаб СССР-алъул кин бицинеб, гьебги биххун букIаго, бицинчIого цIалдохъабазе цIия-цIияб тарихги кин гIуцIилеб букIинчIебги ургъун? Кинниги гьезул гIемерисезда батана гIолеб гIелалъе кьезе гьоркьоса-гIебеде букIараб хIакъикъат. Гьединав мугIалимлъун нижее вукIана ТIелекь гьоркьохъеб школалъул тарихчи Рамазан МухIамадовги.

Нижер – цIалдохъабазул гIумрудулъ кIвар бугеб бутIа кколаан гьел соназда школалда рагьараб «ГIагараб ракь лъазабулезул» кружокалъ. Гьелъиеги нухмалъи гьабулеб букIана Рамазаница. Гьесулго хIаракаталдалъун ва бажариялдалъун школалда гIуцIараб тарихияб музеялдаги гIемерал рукIана ТIелекь росдал тарихалъул ва гIадамазул бицунел хIужжаби. ТIаде балагьун цояб кьагIу чIвараб, цойгидаб кьерукъаб, лъабабилеб щущан ине хIадураб гIадаб букIаниги, кигIан гьитIинаб ва пайда гьечIеблъун нижеда бихьаниги, Рамазаница къудияб къиматалда ва хIурматалда къабул гьабулаан музеялде бачIараб ялъуни нижеда батараб тIагIел. Заманалдасан, гъваридго гIагараб росдал тарих лъазабизе ва росуцоязул гIумруялъул баянал ракIаризе лъугьарав дидагоги бичIчIана гьединал хIужжаби такрарлъи гьечIел ва цIакъго къиматал рукIин. Гьесул нухмалъияялдалъун кружокалъул гIахьалчагIаз цере гIадамаз гIумру гьабулел рукIарал, гьанжейин абуни чIунтарал росаби рукIарал бакIазул щвезе бакIго течIо баянал, хIужжаби, тIагIелал ралагьулаго. Цо-цоккун гьедин ракIарарал тIагIелазул къадар чанго азаргоялдасаниги ун букIун батила, тарихалъул чвахиялъул тартибалда ракIарарал гьел лъугьунел рукIана гIагараб ракьалъул тарихалъул бицунеб, гIакълу гъваридаб тIехьлъун. Гьесул нухмалъиялдалъун ниж чанго нухалъ гIахьаллъана районалъул гIагараб ракь лъазабулезда гьоркьор ЦIегор, КъахIир ва цогидал бакIазда тIоритIулел къецаздаги.

Тарихалъул рахъ гуреб, мугIалимлъи босаниги, хIакъикъаталдаги Рамазан МухIамадов вукIана Аллагьасго мугIалимлъун, гьелдаго цадахъ тарихчилъун вижаравгIадав гIамалтIабигIаталъул чи. Тарихалъул, географиялъул дарсазда ва кружоказда гьес кIудияб кIвар кьолаан лъималазда умумузул гIадатал, гIумру, рукIа-рахъин, лъугьа-бахъинал ричIчIизариялде – гьелъие гьесул бергьун кIудияб махщелги букIана. Дандрарал масъалабазулъ ва бицунеб хабаралъулъ мех-мехалъ Рамазан живгоги лъугьунаан нижер кьеилавлъун: масъалаялъе жаваб жиндагогицин батичIеб киннигги, къецалда гьорлъе жувалаан, жиндирго пикраби загьир гьарулаан, гьелдалъун ниж ургъизе тIамулаан цебе чIараб масъалаялда. ЦIалдохъабазул пикрудулъ цIияб гIакълудул чIор кунчIараб мехалъ, гьезда цадахъго воххулаан, лъай гIатIилъизе ва пикру гъварилъизе жеги кумек гьабулаан, хIатта мекъаб пикру загьир гьабун цIалдохъан кIалъалев вугониги, гьоркьов къотIизавулароан, гьелъ гьурмада бижизабураб гьимигицин кверал бахчулаан. Гьесдаго цадахъ цойгидазухъги гIенеккун, къецалдалъун хIакъикъатги балагьун, вачIинавулаан цIалдохъан битIараб нухде. Рамазанилъ букIана жеги дида кибго хъван баян батичIеб, гъваридаб, битIараб ва пайдаяб дарс кьеялъул методика. Аллагьасго кьураб букIун батилилан тола дицани гьедин камилаб мугIалимлъияльул махщел гьесие.

Араб соналда Рамазан МухIамадовасул гIумруялъул 68 сон тIубана, гьел соналги гьес гIолеб гIелалъе, гIумрудул гьокоялъул нахъисеб гордухъан валагьун аралъул хIисабги гьабун, бачIунеселъе битIараб, аралда аскIоб рехсезе мустахIикъаб гIел куцаялъе нух бищулаго ва гьезие битIараб тарбиялъе кьеялъулаб захIмат баччулаго тIамуна. Дур цIалдохъабазда кIочон гьечIо, Рамазан, ниж гIумруялде куцалаго дуца ва цогидалги мугIалимзабаца баччараб захIмат. Баркала!

ИсмагIил Таймасханов,
ТIелекь росу

А что вы делаете, чтобы мы были не такими?

В последнее время в нашем обществе, особенно у старшего поколения, стало модным везде и всюду говорить о том, какая нынче испорченная и безнравственная молодежь. Но мало кто пытается исправить ситуацию. Все как один говорят: «Мы были не такие!», «В советское время такого не было!» И никто даже и не пытается понять, почему его сын не такой, как он.

В силу своего возраста, я не знаю как было в советское время, но, по рассказам старших, знаю, что были такие мощные молодежные организации, как комсомол, которые объединяли молодежь вокруг общих идей. Молодежи было чем заняться. Когда слушаешь старших, создается впечатление, что именно мы, молодое поколение, и виноваты во всем. Мне хочется задать вопрос старшему поколению, а что вы делаете, чтобы мы были не такими?

В погоне за материальными ценностями родителям нет никакого дела до воспитания детей, все валят на учителей, а от тех только и слышишь, какие маленькие у них зарплаты. В итоге получается целое поколение, воспитанное улицей и бандитскими фильмами, которые круглосуточно крутят по всем каналам. Я не виню ни родителей, ни учителей, да, действительно, трудное время, но это никому не дает право забывать о воспитании детей. Никто и не задумывается о том, что вместо просмотра очередного боевика можно заставить ребенка прочитать что-нибудь полезное, или же, покупая ребенку диск с мультфильмами, можно взять наши, отечественные, а не американские стрелялки и страшилки.

Являясь членом правления молодежной общественной организации, которая как раз таки и занимается проблемами воспитания молодого поколения, сохранения языка, истории и культуры наших народов, я только и слышу от окружающих: «А сколько вы за это получаете?», «А как это - выпускать газету и вести сайт на общественных началах?», «Сейчас не время таких дураков, которые работают бесплатно». В большинстве случаев так говорят взрослые люди, которые, наоборот, должны приучать молодежь не только к зарабатыванию денег, но и к общественной работе во благо нашего народа. Так не пора ли нам всем, и молодежи, и старшему поколению, вместо того, чтобы обвинять СМИ, интернет и западную пропаганду во всех наших бедах, заняться воспитанием подрастающего поколения? Для этого не нужны глобальные изменения, революции и перевороты, а всего лишь нужно начать с себя, со своих детей, родных и близких. Осознать, что в мире есть вещи более важные, чем материальные ценности, что, не смотря ни на какие трудности, мы должны оставаться достойными потомками своих славных предков.

Магомед ЛАБАЗАНОВ

А знаете ли вы, что...

Произведение, которое читают, имеет настоящее; произведение, которое перечитывают, имеет будущее.

Читаем мы часто, но перечитываем редко. Может это зависит не только от произведения, но и от вкуса людей?! Как бы там не было, желаю хорошим произведениям долгого будущего, а нам, читателям хорошего зрения и любознательности.

* * *

Одним из самых продуктивных писателей, когда-либо живших на этом свете, был испанец Лопе де Вега. Всего его перу принадлежит тысяча восемьсот пьес. Все они написаны в стихах. По подсчетам одного ученого, это 21 316 000 строк (астрономическое число). Ни над одной из пьес он не работал более трех дней. Литературная работа принесла ему 105 000 золотых и сделала его (по тем временам) мультимиллионером.

* * *

Глаз – орган зрения. Благодаря зрению мы получаем 90 % информации об окружающем мире. Наш глаз очень похож на фотоаппарат. Хотя на самом деле все наоборот – фотоаппарат похож на глаз, так как сделан по его образцу. Форма глаза – круглая, как яблоко, поэтому и говорят : «Глазное яблоко». Зрачок – в темноте который расширяется, чтобы впустить в глаз больше света, а на ярком свету уменьшается. Расширение и сужение зрачка происходит благодаря мышце, которая находится в радужке. Радужка – это цветное колечко вокруг зрачка. Зрачок черный потому, что внутри глаза темнота. На задней круглой стенке, подобно пленке в фотоаппарате, расположен слой светочувствительных клеток. Этот слой, как сеть, вылавливает световые лучи. И название у него подходящее – сетчатка. В сетчатке около 140 млн. светочувствительных клеток. По зрительному нерву нервный импульс передается в зрительный центр мозга. Мозг обрабатывает сигнал, и только тогда мы осознаем, что же, собственно видим.

ДРОО «НАШЕ БРАТСТВО - ВАЦЛЪИ»
выражает огромную благодарность фирме STRANS,
за помощь выпуску газеты

ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ КАЛАМ
(Братская речь)
Культурно - просветительская газета
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Дагестанская региональная общественная организация
“НАШЕ БРАТСТВО - ВАЦЛЪИ“
E-mail: droo-bratstvo@mail.ru

Редактор
Зайнаб АЛИМИРЗАЕВА
Члены редколлегии:
Г. Муртазалиев, З. Залова, И. Таймасханов, М. Микаилов, М. Лабазанов, М. Гаджимаева М. Абакаров
Дизайн и верстка:
Магомед ЛАБАЗАНОВ

Авторы опубликованных материалов несут ответственность за точность приведенных сведений.
Точка зрения редакции не всегда совпадает с мнением авторов публикуемых материалов.
Присланные материалы не рецензируются и не возвращаются

Отпечатана в типографии
ООО «Лотос»
Махачкала, ул. Пушкина, 6
Подписано в печать - 18.00 ч.
Заказ № _____ Тираж 999